


**NeMutungamiri
Henry B. Eyring**
Mutevedzeri Wekutanga
muHutungamiri Hwekutanga



Huporofita neZvakazarurwa Zvako Pachako

Chechi yechokwadi yaJesu Kristu yakadzorerwa uye iri panyika nhasi. Chechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira yakagara ichitungamirirwa nevaporofita nevaapostora vanorarama, avo vanogashira nhungamiro nguva dzose kubva kudenga.

Tsika yehumwari iyoyo yakanga iriwo yechokwadi makare-kare. Tinoverenga muBhaibheri kuti: “Zvirokwa-zvo, Ishe Jehova haangaiti chinhu, asina kumbozivisa varanda vake vaporofita” (Amosi 3:7).

Mwari vakataura zvakare munguva yedu, kuburikidza neMuporofita Joseph Smith. Vakazarura kuburikidza neMuporofita Joseph Smith vhangeri raJesu Kristu mukuzara kwaro. Vakadzorerwa hupirisita hutsvene Hwavo nemakii ahwo uye vakadzorerwa kodzero dzese nemasimba ehupirisita ese, nemabasa esimba rinoera rehupirisita ese.

Munguva yedu, vaporofita nevaapostora vanorarama vanotenderwa kutaura, kudzidzisa uye kutungamira nemvumo inobva kuna Mwari Baba naIshe Jesu Kristu. Muponesi akati kuMuporofita, “Zvandataura ini Ishe, ndataura, uye handitsvage chikonzero; uye kana dai zvazvo denga nenyika zvichipfuura, izwi rangu haripfuuri, asi zvose zvichazadzikiswa, kunyangwe nezwi rangu ini kana nezwi ravaranda vangu, zvakangofanana” (D&Z 1:38).

Mumusangano mukuru kaviri pagore, tinoropafadzwa nemukana wekunzwa shoko raIshe iro raVanopa kwatiri kuburikidza nevaranda Vavo. Iyo ikodzero yakakoshesesa zvikuru. Asi kukosha kwemukana iwoyo kunoenderana

nekuti tinogashira here mashoko acho tiri pakunzwa kurudziro yeMweya mumwechetewo uyo waakapihwa nawo kuvaranda ivavo (ona D&Z 50:19–22). Sekugashira kwavanoita nhungamiro kubva kudenga, isu tinofanirawo kuita zvimwechetezvo. Uye izvozvo zvinoda kuti tiise kuedza kukuru kwezvemweya kumwecheteko (sevaranda avo vanogashira shoko raIshe).

“Ita Gadziriro Yako”

Makore mazhinji akapfuura mumwe wenhengo dzeChikwata cheVaapostora vaneGumi neVaviri akandikumbira kuti ndiverenge nhaurwa yemusangano yaakanga achinyora mukugadzirira musangano mukuru. Ndakanga ndiri nhengo diki yechikwata. Ndakakudzwa nekuti akanga ainevimbo mandiri yekuti ndingamubatsira kuwana mashoko aidiwa naIshe kuti ataure. Akati kwandiri nekunyemwerera, “Ii, uku kuedza kunyora kwechimakumi maviri nemaviri kwenhaurwa yacho.”

Ndakayeuka rairo iyo Mutungamiri Harold B. Lee aiva nerudo netsitsi (1899-1973) yaakanga andipa kare muupenyu hwangu iine kusimbisa kukuru yaiti: “Henry, kana uchida kuwana zvakazarurwa, ita gadziriro yako.”

Ndakaverenga chinyorwa ichocho chechimakumi maviri nemaviri, ndikachifungisisa, uye ndikanamata nezvacho. Ndakanzvera zvakanakisisa zvandaikwanisa ndiri pasi pekurudziro yeMweya Mutsvene. Panguva iyo nhengo iyoyo yeChikwata payakazopa nhaurwa

yayo (mumusanagano mukuru) ndakanga ndaita gadzi-riro yangu. Handina chokwadi chekuti ndakamubatsira (mukugadzirira nhaurwa yake) asi ndinoziva kuti ndakashandurwa pandakanzwa nhaurwa iyoyo ichipihwa. Ndakagashira mashoko (kuburikidza nefemero apo paaipa nhaurwa yake) akanga akadzama kupfuura mashoko andakanga ndaverenga uye aakataura. Mazwi acho aireva zvakakomba kupinda ayo andakanga ndavarenga muchinyorwa chekutanga. Uye shoko racho rakaratidzika kuva rakanga rakananga ini, rakagadzirirwa zvido zvangu.

Varanda vaMwari vanotsanya nekunamata kuti vagashire shoko raVainaro kwavari kuti vape kune avo vanoda zvakazarurwa nefemero. Chandakadzidza kubva pachii-tiko ichocho, nezvimwe zvakanzwa zvakaite saichocho, ndechekuti, kuti tiwane zvimuko zvikuru zvinowanikwa kubva pakunzwa vaporofita nevaapostora vanorarama, tinofanira kuripa muripo isu pachedu wekugashira zvakazarurwa.

Ishe vanoda munhu wese angangonzwa shoko Ravo, uye Vanoziva mwoyo nemamiriro ezvinhu zveumwe nemumwe. Vanoziva kuti igadziriso ipi, kurudziro ipi, uye chokwadi chevhangeri chipi zvinozobatsira zvakanakisisa munhu mumwe nemumwe kuti asarudze mafambiro ake nemunzira yekuupenyu husingaperi.

Isu avo vanoteerera nekuona mashoko emusanganano mukuru dzimwe nguva tinozofunga pashure kuti, “Zvii zvandinonyanya kuyeukisisa?” Tarisiro yaIshe kune mumwe nemuwe wedu ndeye kuti mhinduro yedu inozova yekuti: “Handizofa ndakakanganwa nguva dzandakanzwa izwi reMweya mupfungwa nemumwoyo mangu richindiudza zvandinokwanisa kuita kufadza Baba vangu Vekudenga neMuponesi.”

Tinokwanisa kugashira zvakazarurwa zvedu pachedu izvozvo apo patinonzwa vaporofita nevaapostora uye apo patinoshanda murutendo kuti tizvigashire, sekutaura kwakaita Mutungamiri Lee kuti tinokwanisa. Ndinoziva kuti izvozvo ichokwadi kubva pazviitiko uye kuburikidza neuchapupu hweMweya.

© 2016 ne Intellectual Reserve, Inc. Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo yeMucharungu: 6/15. Mvumo yedudziro: 6/15. Dudziro ye *First Presidency Message, April 2016*. Shona. 12864 731.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Funga kuverenga uchidaidzira nyaya yeMutungamiri Eyring pamusoro pekunzvera chinyorwa chenhourwa yemusanganano chenhengo yechikwata yavo. Ungango bvunza kuti, “Chii chatinofanira kuita kuti tigashire zvakazarurwa?” Mushure mehurukuro yako, unokwanisa kukoka avo vaunoshanyira kuti vafungise (shoko rawagovera) uye vagoita chirongwa chekugashira mashoko emusanganano mukuru urikuuya vari “pakunzwa femero yeMweya mumwechete waakapihwa nawo kuvaranda [vaMwari].”

VECHIDIKI

Baba Vekudenga Vakataura Kwandiri kuburikidza neNhourwa yeMusanganano.

NaAnne Laleska Alves de Souza

Ndaiva nekusatendeseka pamusoro pezvandaifanira kudzidzira paYunivhesiti. Vanhu vazhinji vaitaura zvakaipa pamusoro pekosi yandaida kutora, saka ndakanamata kuna Ishe kuti ndione kana Vaibvumirana nesarudzo yangu (yekutora kosi yacho).

Mhinduro yangu yakauya zuva rakatevera apo pandaiverenga nhourwa yemusanganano mukuru mu *Liahona*. Ndakanzwa sekunge Baba Vekudenga vaindiudza kuti Havaikwanisa kundisarudzira—iyi yakanga iri sarudzo yandaifanira kuita ndega. Ndakaziva kuti zvisinei nekuti ndezvipi zvandaizosarudza, ndaifanira kuzoshanda zvakasimba kuti ndibudirire.

Ndinoziva kuti munamato wangu wakapindurwa. Kusimbisa kweMweya Mutsvene kwakandibatsira kuita sarudzo. Ndakadzidza kuedza zvakasimbisira uye kuziva kuti Baba Vekudenga vanozondibatsira

Munyori anogara muFortaleza, Brazil.

VANA

Teverai Muporofita

Vaporofita nevaapostora vanotaura vakamirira Baba Vekudenga naJesu Kristu. Vanotidzidzisa mateverero atingaita Jesu Kristu. Ndezvipi zvimwe zvezvinhu vaporofita nevaapostora zvavakatikumbira kuti tiite?



Vanasikana vaBaba Vedu Vekusingaperi

Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga kuziva izvo zvekugovera. Kunzwisisa “Mhuri: Chiziviso kuNyika” kunozowedzera sei rutendo rwako muna Mwari nekupafadza avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana? Kuwana rumwe ruzivo, enda ku reliefsociety.lds.org.

Ruvimbo, Mhuri, Rubatsiro

Magwaro matsvene anotidzidzisa kuti “tiri rudzi rwaMwari” (Mabasa aVaapositora 17:29). Mwari vakataura kuna Emma Smith, mudzimai waJoseph Smith, se “mwanasikana wangu” (D&Z 25:1). Chiziviso cheMhuri chinotidzidzisa kuti mumwe nemumwe wedu “mweya unodikanwa . . . mwanasikana wevabereki vekudenga.”¹

“Muhumambo [hwekudenga hwenyama husati hwavapo], takadzidza nezve hunhu hwedu hwehukadzi hwekusingaperi,” akadaro Carol M. Stephenes, mutevedzeri wekutanga muhutungamiri hukuru hwemuChita cheRubatsiro.

“Rwendo rwedu kunyika rweupenyu hunofa haruna kushandura zvokwadi izvozvo.”²

“Baba vako vari Kudenga vanoziva zita rako uye vanoziva mamiriro ezvinhu ako,” vakadaro Gosa Jeffrey R. Holland veChikwata cheVaapositora vaneGumi neVaviri. “Vanonzwa minamoto yako. Vanoziva tarisiro dzako nezvido zvako, uyewo zvaunotyana nezvinokushatirisa.”³

“Mumwe nemumwe wedu inheongo uye anodiwa mumhuri yaMwari,” vakadaro Sisita Stephens. “Mhuri dzose dzepanyika hadzina kufanana. Uye kunyange tichiita zvose zvatinokwanisa kumisa mhuri dzina baba, amai

nevana vavo, hunhengo mumhuri yaMwari hauende nemamiriro erudzi rupi zvarwo—kuti wakachata here, kuti uri mubereki here, mamiriro eupfimi hwako, mamiriro ako emunzvimbo maugere, kana kunyange rudzi rwemamiriro ezvatinoshambadza panhau dzepaindaneti.”⁴

Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene

Muporofita Jeremia 1:5; VaRoma 8:16; Dzidziso neZvibvumirano 76:23–24

Kubva muNhorondo Yedu

Munyaya yake yeChiratidzo Chekutanga,⁵ Muporofita Joseph Smith vanozadzisa zvokwadi zvizhinji—kusanganisira chokwadi chekuti Baba vedu Vekudenga vanoziva zita redu.

Joseph mudiki akatambudzika kuziva kuti ndeipi chechi yekupinda uye akawana nhungamiro munaJakobo 1:5. Joseph akasarudza kuti aizobvunza Mwari.

Rumwe rungwanani rwenguva yepfumvudza muna 1820, akaenda muchitondo kunonamata asi akakurirwa pakarepo nerimwe simba rakaipa. Maererano nechititiko ichi akanyora kuti:

“Ipapo pachinguva ichi chekutya kukuru, ndakaona murazvu wechidzira uri nechepamusoro pangu

chaipo, uchipenya kupfuura kupenya kwezvava, uyo wakadzika zvishoma nezvishoma kusvika wave pandiri.

“Pasina nguva, ndakabva ndaona ndatobviswa pamuvengi uyo akanga akandisunga. Chiedza pachakamira pandiri ndakaona Vanhu vaviri, avo kupenya kwavo nekubwinya kwavo kunokunda tsananguro yose, vakamira nechepamusoro pangu mumhepo. Mumwe wavo akataura kwandiri, achindaidza nezita rangu uye akati, achinongedzera kune mumwe—*Uyu Mwanakomana Wangu Wandinoda. Munzwe!*”⁶ Nhorondo—yaJoseph Smith 1:16–17).

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. “The Family: A Proclamation to the World,” *Liahona*, Mbudzi 2010, 129.
2. Carole M. Stephens, “The Family Is of God,” *Liahona*, Chivabvu 2015, 11.
3. Jeffrey R. Holland, “To Young Women,” *Liahona*, Mbudzi 2005, 28.
4. Carole M. Stephens, “The Family Is of God,” *Liahona*, Chivabvu 2015, 11.
5. Ona Misoro yeNyaya yeVhangeri, “First Vision Accounts,” topics.lds.org.

Funga Izvi

Kuziva kuti uri mwanasikana waMwari kunoshandura sei sarudzo dzako.